**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**МО Ботлихский район**

**МКОУ "Ботлихская СОШ №3"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| на заседании МО гуманитарного цикла | Зам. директора по УВР | Директор |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| Руководитель Расулова А.М. | Нурмагомедова З.Н. | Шамхалова П.Ш. |
| Протокол №1 | | Приказ №113 |
| от «30» 08 2023 г. | от «30» 08 2023 г. | от «31» 08 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родной язык»**

для обучающихся 10-11 классов

**с. Ботлих 2023 г.**

**ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН**

Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда

лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинenияздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пунктaлда гъоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан **к1**алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочиненияздалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргъа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

**Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъги.

**Курсалъул гIаммаб характеристика**

Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго напсиял, метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул аслиял нормаби, цIалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гIуцIиялъул ва рагIабазул нахърателалъул рахъалъги; гьезда бажаризе ккола батIи-батIиял лингвистикиял словараздаса пайда босизеги, мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦIалдохъабазда бичIчIизе ккола мацI миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацIалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацIалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

Лъай бугев цIалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хIалтIабаз:

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял коммуникативиял хIалтIаби (каламалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе, гIел бащадазулгунги цIикIкIаразулгунги пайдаяб калам (гара-чIвари) гьабизе; кIалзул ва хъвавул калам лъикI бичIчIизе, лъураб суалалда тIасан тIубанго, битIун, дурусго ва пасихIго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва кIалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагIидаби цIунизе ва гь.ц.);

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби (суалалъе къокъго ва мухIканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе,

жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритIухълъи хIужжабаздалъун чIезабизе; батIи-батIиял источниказдаса чара гьечIого ъваригIараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батIабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цIалиялъул тайпа тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методал хIалтIизаризе; информация цIидасан къачIазе, системаялде бачине ва батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);
цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби: (жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);
Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

**Ц1АЛУЛ КУРСАЛЪУЛ Г1УЦ1И**
**10 КЛАСС**

**МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал**

Авар литературияб мацI, гьелда тIад хIалтIи ва гьелъул тарих (история). Авар литературияб мацI северияб наречиялъул кьучIалда гIуцIараб букIин. Северияб ва югалъул диалектазул фонетикиял, лексикиял ва морфологиял батIалъаби (къокъго). Хъвай-хъвагIай гьечIел гIанди-цез группаялъул мацIал. Аваразул литературияб мацI – киналго магIарулазул рухIияб бечелъи. **Стилистика ва каламалъул культура**

Авар литературияб мацIалъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Халкъияб ва литературияб мацI. Стилистикаялъул х!акъалъулъ бичIчIи кьей. Литературияб мацIалъул хаслъаби (гIелмияб, канцеляралъул, газет-журналалъул ва художествиял асаразул). Художествияб адабияталъул мацI. Тексталда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе лъай (хъванги бицунги). Материал бакIаризе ва гьелдаса пайда босизе лъай (хъванги бицунги). БатIи-батIиял хасиятазул (стилалъул) рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе лъай.

**Лексикология**

Лексика ва лексикология (къокъаб баян). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал. Авар литературияб мацIалъулъ чияр мацIаздаса (гIурус, гIараб, перс, тюрк) рачIарал рагIаби ва гьезул битIунхъвай.
Дурусго, мухIканго рагIи хIалтIизаби. РагIул такрарлъиялдалъун гIунгутIи бихьизаби. Жиндирго каламалъулъ синонимал, омонимал, антонимал хIалтIизаризе ругьунлъи. Хаслъиялъухъ балагьун, рекъон кколедухъ, рагIи тIаса бищизе ва предложениялъулъ хIалтIизабизе лъай. Словараздаса пайда босизе ругьунлъи.

**Фразеология**

Фразеологиял свераби ва гьел лъугьин. Эркенал рагIабазул дандраял ва фразеологиял свераби. Антонимиял ва синонимиял фразеологиял гIуцIаби гьорлъе ккезарун, предложениял ургъи. Фразеологияб свери кинаб хасияталъул бугебали лъазе ва каламалъулъ битIун хIалтIизабизе ругьунлъи. Фразеологиял сверабазул словарь гьаби. Кицаби, абиял ракIари.

**БитIун аби (орфоэпия) ва интонация**

Орфоэпиялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Авар каламалъул интонация. Логикияб ударение. Диалектиял гъалатIал риччачIого, битIун кIалъазе лъай.

ГIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби битIун абизе ругьунлъи. Рагьаралги рагьукъалги гьаркьал битIун абизе бугеб бажари камиллъизаби. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**Графика, битIунхъвайва пунктуация**

Авар мацIалъул графикаялъул къокъабго тарих. Авар орфографиялъул аслиял къагIидаби. Лъалхъул ишараби ва гьезул кIвар.

Авар мацIалъул битIунхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай-хъвай гьаби.

Лъалхъул ишараби хIалтIизаризе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин**

РагIи лъугьин – мацI бечелъизе бугеб рес хIисабалда. РагIи ва рагIул формаби лъугьунел къагIидаби ва, гьел формаби лъугьунаго, рагIул кьибилалъулъ колел хиса-басиял. РагIи морфемабазде биххизе ругьунлъи. Морфемабазул магIна лъай. БатIи-батIиял морфемабаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризс ругьунлъи.

**МОРФОЛОГИЯ**

**Предметияб цIар**

Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул падежияб система. Предметияб цIар ва гьелъул гIемерлъул форма лъугьунел къагIидаби. Предметияб цIар лъугьин ва гьелъул битIунхъвай. БатIи-батIиял каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери**(бахIарай, херав, ункъояв,унтарав).** МагIарда (-де -даса -дасан) гIадал падежазул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.Хъвалсараб магIнаялда предметиял цIарал хIалтIизаризе лъай (меседил ясс, ганчIил ракI).

**Прилагательное**

Прилагательное. Грамматикиял гIаламатал. БатIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса прилагательное лъугьин. Прилагательноялъулги хаслъул падежалда бугеб предметияб цIаралъулги синонимика (инсулаб тIадкъай – инсул тIадкъай). БатIи-батIиял синонимал – прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе лъай. Описаниялъулъ прилагательноял хIалтIизаризе ругьун гьари (масала, тIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул сурат кьолаго).

**РикIкIен**

РикIкIен. ГIуцIиялде балагьун рикIкIенал. Авар мацIалда къадаралъул рикIкIеналда хадуб предметияб цIар кидаго цолъул формаялда букIин.

Предметияб цIаралъулг ииргадул рикIкIеналъул бухьен. РикIкIеназул битIунхъвай

**ЦIарубакI**

ЦIарубакI. Грамматикиял гIаламатал. ЦIарубакIазул битIунхъвай ва битIун аби*(нижер, нужер, жидеца).* Ишараялъул цIарубакIал лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал лъун хIалтIизари. Каламалъулъ предметияб цIаралъул, прилагательноялъул, рикIкIеналъул бакIалда цIарубакIал хIалтIизаризе лъай. Ишараялъул цIарубакIал (манзилалде балагьун) битIун хIалтIизари. Суалиял цIарубакIал ругел предложениял битIараб интонациялдалъун цIализе ва гара-чIвариялъулъ хIалтIизаризе лъай. *Нижер, нилъер* цIарубакIал каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.

**Глагол**

Глагол. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глаголал, лексикиябмагIнаялдебалагьун, рухьарал ва тIадчIарал рукIине бегьи.

Глаголазул фразеологиял гIуцIаби ва журарал глаголал. Гьезул битIунхъвай.

Глаголалъул батIи-батIиял наклонениял ва гьезул формаби.

Жубараб предложениялъул бутIаби цоцалъ рекъезаризе глаголалъул формабаздаса пайда боси.

Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун глаголалги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

**Причастие**

Причастие ва гьеб лъугьин. Причастиялъул синтаксисияб  роль. Причастие предметияб цIаралде свери. Причастияб сверел ва определениелъун тIаджубараб предложение. Гьениб лъалхъул ишараби. Причастие ва причастиял сверелал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Причастиялгун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай.

Суалиял ва предложениязулъ причастие сказуемоелъун хIалтIизаби.

**Деепричастие**

Деепричастие ва гьеб лъугьин. Деепричастиялъул синтаксисияб роль. Деепричастияб сверелгун лъалхъул ишараби. Деепричастиегун рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. Каламалъулъ деепричастияб сверел хIалтIизабизе лъай. Причастиялъулги деепричастиялъулги кумекалдалъун составиял глаголал лъугьинаризе ругьунлъи.

**Наречие**

Наречие ва гьелъул грамматикиялгIаламатал. Наречие лъугьин ва гьелъул битIунхъвай. Качествиял наречиял ва гьезул роль. Наречиял битIун хъвазе ругьунлъи камиллъизаби.
Аслияб ва цогиялда бараб рагIилъун наречиялги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIи ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Синонимиял, антонимиял наречиял хIалтIизаризе лъай. Предметияб цIаргун хIалтIизабулеб хадурегIел наречиялдаса батIа бахъизе лъай.

**Союзал**

Союзал. ГIадатал, журарал, составиял союзал. Союзазул битIунхъвай.
Предложениял ва предложениялъул членал союзаздалъун цоцаздехун хурхинаризе лъай.
Союзал гьорлъ ругел предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.
Союзал – синонимал каламалъулъ хIалтIизаризе.

**Частицаби**

Частицаби. Цо-цо мехалда частицабиги союзалги омонимал хIисабалда дандчIвай ва гьел ратIа рахъи. Союзаллъунги форманталлъунги (суффиксаллъунги) хIалтIизарулел частицаби. МагIнаялъухъ балагьун, батIи-батIиял частицаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Частицабазул битIунхъвай.

**ХадурегIел**

ХадурегIел. ГIемерисел хадурегIелал наречиялдаса лъугьарал рукIин лъай. Цогидал каламалъул бутIабаздаса жал лъугьинчIел хадурегIелал. ХадурегIелазул битIунхъвай. БакIалъул падежалгун хадурегIелал хIалтIизари. ХадурегIелалги наречиялги тексталъулъ ратIа рахъи.

**Междометиял**

Междометиял. Междометиязул битIунхъвай. Междометиял гъорлъ ругел предложениял дурусго цIализе лъай. Художествияб тексталъулъ ва каламалъулъ междометие хIалтIизабиялъухъ хал кквей.

**Калам цебет1езаби**

Текст. Тексталъул аслияб магIна ва пикру баян гьаби. План.

ГIадатияб ва жубараб план. ПланалъулкIвар. Описание гьабулеб текст къокъго, гIатIидго бицин. Хабариял текстал жиндирго цIаралда лъун бицине ругьунлъи.

Планал гьарун, планаздасан бицин.

**11 КЛАСС**

**Синтаксис ва пунктуация**

**РагIабазул дандраял ва предложение**

Синтаксисалъул аслиял бутIаби. РагIабазул дандраял ва предложениял, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи. Глаголал, предметиял цIарал, прилагательноял, наречиял аслияллъунги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. РагIабазул дандраяздасан предложениял гIуцIизе лъай.

Каламалъулъ предложениялъул кIвар. Абиялде балагьун, хабариял, суалиял ва тIалабиял предложениял. АхIул предложение. Гьезул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъулъ рагIабазул тартиб ва логикияб (магIнаялъулаб) ударение.

ГIадатал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай. Предложениязул ахиралда кколел лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари. Суалиял ва ахIул предложениялги гьорлъе ккезарун, цогьитIинаб текст гIуцIизе.

*БичIчIизе, рагIизе, батизе*вагь.ц. глаголал сказуемояллъун ккараб мехалда, подлежащее жинда падежалда; *бокьизе, хиралъизе* гIадал глаголал сказуемоелъун ккараб мехалда, подлежащее кьовул падежалда букIунеблъи баян гьабизе.

**БетIерал ва бетIерал гурел членал**

БетIерал членал. Подлежащее, гьеб букIунел падежал. Подлежащеелъун батIи-батIиял каламалъул бутIаби ккей.

ЦIарулаб ва глаголияб составияб сказуемое. БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби.

БитIараб дополнениялда ва аслияб падежалда бугеб подлежащеялда гьоркьоб батIалъи.

Цадахълъел. РатIалъизарурал членалгун предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

Подлежащеегун сказуемое жинсгун формаялъулъ рекъонккеи. Бухьен гьоркьоб биччан бугони, подлежащеялдаги сказуемоеялдаги гьоркьоб тире лъезе ругьун гьари.

Предложениял тIиритIизаризе ругьун  гьари. РатIалъизарурал членалги гьорлъе ккезарун, тIабигIаталъул хIакъалъулъ цо гьитIинаб хабар хъвай.

**Тайпа цоял членалгун предложениял**

Предложениялъулъ тайпа цоял членазул батIи-батIиял кьерал. Подлежащеегун ва битIараб дополнениегун сказуемоялъул рекъонккеи. Тайпа цоял членал ругеб мехалда гIамлъул рагIаби ва лъалхъул ишараби. Тайпа цоял членал ругеб предложение членазде биххизе лъай. Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIи хIалтIизаби ва лъалхъул ишараби (кIитIанкI, тире) битIун лъезе ругьун гьари.

**ХитIабалги, гьоркьор ккарал рагIабиги ва междометиялги гьорлъ ругел предложениял**

I. Каламалда жаниб хитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби.

II. ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун гьитIинабго хабар гIуцIи.

ХитIабалги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишараби битIун лъезе ругьун гьари.

**БитIараб ва хъвалсараб калам**

I. БитIараб ва хъвалсараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. БатIи-батIиял стилазул каламалъулъ битIараб калам хIалтIизаби.

II. Авторасул рагIабаздаги битIараб ва хъвалсараб каламал-даги гьоркьоб бугеб батIалъи батизе лъай. БитIараб калам хъвалсараб каламалде сверизабизе бажари.

**Жубараб предложение**

Журарал предложениязул тайпаби, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизаризе лъай.

Союзал ругел журарал предложениял.

**Жубараб сокIкIараб предложение**

МагIнаялде балагьун, журарал сокIкIарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзалъул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къагIидаби. Интонациялъул хасиятал ва гьезда рекъон лъалхъул ишараби.

МагIнаялде балагьун, жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIаби ратIа гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун букIин, иш хадуб-цебе тартибалда лъугьун букIин, иш гIаксалда кколеб букIин, ищцояб тун, цогияб лъугьун букIин вагь.ц.).

Журарал сокIкIарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе, гьезул разбор гьабизе лъай.

**Журарал нахърилъльарал предложениял**

МагIнаялде балагьун, журарал нахърилълъарал предло-жениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи; бетIераб ва тIаджубараб предложение; бетIерабги тIаджубарабги предложениялъул цо чIараб бакI букIунареблъи; гьел цолъизаризе хIалтIизарулел союз рагIаби. Союзал гьечIел журарал

сокIкIарал ва журарал нахърилълъарал предложениял синонимал хIисабалда хIалтIизари.БатIи-батIияб стилалъул каламалъулъ журарал нахъри-лълъарал предложениял хIалтIизариялъул къагIидаби. Журарал нахърилълъарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай. Каламалъулъ журарал нахърилълъарал, журарал сокIкIарал ва ратIа гьарурал членалгун гIадатал предложениязул синтаксисалъул синонимал хIисабалда разбор гьабизе ругьунлъи. Журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб предложение**

Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи.
Союзал ругеб яги союзал гьечIеб, цо чанго предложениял-дасан гIуцIараб жубараб нахъбилълъараб предложение. СокIкIиналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение.
ТIадехун рехсарал журарал предложениязул разбор гьабизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

**Союзал гьечIел журарал предложениял**

Союзал ва союз рагIаби гьечIел журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.
Союзал гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе, интонацияги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Такрар гьаби-**
**Калам цебетIезаби**

Текст. Тексталъул аслияб магIна ва пикру баян гьаби. План.
ГIадатияб ва жубараб план. Планалъул кIвар. Описание гьабулеб текст къокъго, гIатIидго бицин. Хабариял текстал жиндирго цIаралдалъун бицине ругьунлъи.
Планал гьарун, планаздасан бицин.

**Календарно – тематическияб планирование**

**авар мац1 10 класс**

| № п/п | Дарсазул темаби | Саг1тазул къадар | Планалъулабкъо –моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | 1 | 04.09.23 | | Мац1алъул х1акъалъулъ баян |
| 2 | Стилистика вакаламалъул культура | 1 | 11.09.23 | | Стилистика вакаламалъул культура |
| 3 | Лексика ва лексикология | 1 | 18.09.23 | | Лексика ва лексикология |
| 4 | Синонимал. Антонимал. Омонимал | 1 | 25.09.23 | | 5-5 мисалбачине |
| 5 | Фразеология | 1 | 03.10.23 | | 10-20 фразеологиялсверелал рек1ехъе лъазаризе |
| 6 | Бит1ун абива интонация | 1 | 10.10.23 | | 10-20 раг1и г1урус мац1алдаса бач1араб хъвазе, ударениегилъун. 10 раг1и хъвазенилъерросулъ, гъалат1ал риччан, абулеб |
| 7 | Бит1ун абива интонация. Логикияб ударение | 1 | 17.10.23 | | 2-2 бат1и-бат1иял тайпаялъулпредложениял г1уц1изе |
| 8 | Графика | 1 | 24.10.23 | | Графика |
| 9 | Бит1унхъвай ва пунктуация | 1 | 07.11.23 | | Бит1унхъвай ва пунктуация |
| 10 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 | 14.11.23 | | Морфемабаздалъун 10 раг1и лъугьинабизе |
| 11 | Предметияб ц1аралъул морфологиялкатегориял | 1 | 21.11.23 | | Морфологиялкатегориял |
| 12 | Предметияб ц1аралъул разбор | 1 | 28.11.23 | | 3 предметияб ц1аралъул разбор гьабизе |
| 13 | Прилагательное.Гьелъулморфологиялхасиятал | 1 | 05.12.23 | | Прилагатель-ное. Гьелъулморфологиялхасиятал |
| 14 | Контролияб диктант | 1 | 12.12.23 | | Малъарабматериал такраргьаби |
| 15 | Прилагательноялъул разбор | 1 | 19.12.23 | | 3 прилагательноялъул разбор гьабизе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 16 | Рик1к1ен | 1 | 26.12.23 | | Рик1к1ен |
| 17 | Рик1к1еналъул морфологияб разбор | 1 | 09.01.24 | | 2 рик1к1еналъул разбор гъабизе |
| 18 | Калам цебет1езаби. Эбелалъулгъадаро | 1 | 16.01.24 | | Изложениялъе х1адуризе |
| 19 | Изложение. Эбелалъулгъадаро | 1 | 23.01.24 | | Малъараб материал такраргъаби |
| 20 | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул разрядалва бит1унхъвай | 1 | 30.01.24 | | Ц1арубак1 |
| 21 | Ц1арубак1алъул разбор | 1 | 06.02.24 | | 2-3 ц1арубак1алъул разбор гъаби |
| 22 | Глагол. Гъелъулграмматикиял г1аламатал | 1 | 13.02.24 | | Глагол |
| 23 | Глаголалъулзаманабиванаклонения л. Глаголазул бит1унхъвай | 1 | 20.02.24 | | Глаголазул бит1унхъвай |
| 24 | Причастие | 1 | 27.02.24 | | Причастие |
| 25 | Деепричастие | 1 | 05.03.23 | | Деепричастиегун 5 предлож. г1уц1изе |
| 26 | Калам цебет1езаби. Ишалъулкагътал | 1 | 12.03.24 | | Газеталъемакъалахъвазе |
| 27 | Наречие. Гъелъулграмматикиял г1аламатал | 1 | 19.03.24 | | Наречие |
| 28 | Наречиялъул разбор | 1 | 09.04.24 | | 3 наречиялъул разбор гъабизе |
| 29 | Союзал | 1 | 16.04.24 | | Союзал |
| 30 | Частицаби | 1 | 23.04.24 | | 5 предложе-ниечастицабигун г1уц1изе |
| 31 | Хадурег1ел | 1 | 30.04.24 | | Хадурег1ел |
| 32 | Междометие | 1 | 07.05.24 | | Междометиял-гун предложения г1уц1изе |
| 33 | Контролияб диктант | 1 | 14.05.24 | | Малъараб материал такраргъаби |
| 34 | Х1асил гъабиялъул дарс | 1 | 21.05.24 | | Х1асил гъаби |

**Календарно – тематическияб планирование**

**авар мац1 11 класс**

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къалал | Планалъулаб къо–моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи | 1 | 06.09.23 | | § 5. Гъум.7-12 |
| 2 | Раг1абазул дандраязулъги предложениязулъги раг1абазул бухьен | 1 | 13.09.23 | | § 6. Гъум.12-14 |
| 3 | Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб | 1 | 20.09.23 | | § 7. Гъум.15-16 |
| 4 | Хабариял, суалиял, т1алабиял предложениял. Ах1ул предложениял | 1 | 27.09.23 | | § 9. Гъум.18-19 |
| 5 | БетIерал ва бетIерал гурел членал. Подлежащее | 1 | 04.10.23 | | Подлежащее |
| 6 | Сказуемое. Бит1араб дополнение | 1 | 11.10.23 | | Сказуемое. Бит1араб дополнение |
| 7 | Хъвалсараб дополнение. Определение | 1 | 18.10.23 | | Предложени-ялъул членал такрар гьаризе |
| 8 | Х1ал | 1 | 25.10.23 | | § 20-24 Гъум.46-51 |
| 9 | Тайпа цоял членал | 1 | 08.11.23 | | Тайпа цоял членалгун 5 предл. г1уц1изе ва разбор гьабизе |
| 10 | Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIаби | 1 | 15.11.23 | | 5 предл. г1уц1изе |
| 11 | Обращение | 1 | 22.11.23 | | Диалог г1уц1изе |
| 12 | Гъоркьор колел рагIаби ва предложениял | 1 | 29.11.23 | | § 35. Гъум.69-71 |
| 13 | ХитIабалъул, гъоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гъелгун лъалхъул ишараби | 1 | 06.12.23 | | § 36. Гъум.72-73 |
| 14 | БитIараб калам | 1 | 13.12.23 | | § 41. Гъум.82-85 |
| 15 | Контролияб диктант | 1 | 20.12.23 | | Малъараб материал такраргьаби |
| 16 | Хъвалсараб калам | 1 | 27.12.23 | | Диалог г1уц1изе |
| 17 | Калам цебетIезаби. Эбелалъулгъадаро | 1 | 10.01.24 | | Изложения-лъе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | х1адуризе |
| 18 | Изложение. Эбелалъул гъадаро | 1 | 17.01.24 | | Малъараб материал такрар гьаби |
| 19 | Жубараб предложение | 1 | 24.01.24 | | Гьум.99-101 |
| 20 | Жубараб сокIкIараб предложение | 1 | 31.04.24 | | § 45. Гьум.101-105 |
| 21 | Союзал гьеч1ел предложениязулъ запятая, т1анк1гун запятая, к1ит1анк1, тире | 1 | 07.02.24 | | § 47-49. Гьум.109-113 |
| 22 | Журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | 14.02.24 | | Гьум.114-115 |
| 23 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | 21.02.24 | | § 50. Гьум.115-117 |
| 24 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби | 1 | 28.02.24 | | § 51. Гьум.117 |
| 25 | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | 06.03.24 | | § 52. Гьум.119 |
| 26 | Калам цебетIезаби. Ишалъул кагътал | 1 | 13.03.24 | | Протокол хъвазе |
| 27 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | 20.03.24 | | § 63. Гьум.141-143 |
| 28 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | 03.04.24 | | § 5. Гьум. |
| 29 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | 10.04.24 | | 3 предл. г1уц1изе |
| 30 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | 17.04.24 | | 2 предл. разбор гьабизе |
| 31 | Жубараб предложение. | 1 | 24.04.24 | | Малъараб материал такрар гьаби |
| 32 | Контролияб диктант | 1 | 08.05.24 | | Малъараб материал такрар гьаби |
| 33 | Предложениялъул членал. Такрар гьаби. | 1 | 15.05.24 | | |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | | 22.05.24 | | Х1асил гьаби |

## 10 класс

## 11 класс

Гьаб программаялъ X-X1 классалда рахьдал мац1 малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо саг1ат. Кинабниги к1иго лъаг1алида жаниб - 68 сагlат. Т1асиял классазул программаялда рекъон, авар мац1алъул аслияб курс лъуг1ула V-IXклассазда.
Гьединлъидал X-XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материал алъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.
Программаялъ гъорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бут1аби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, бит1ун аби вабит1унхъвай, раг1ул г1уц1и, грамматика ва пунктуация.